ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ
JOQARÍ BILIMLENDIRIW, ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI

BERDAQ ATÍNDAĠÍ QARAQALPAQ MÁMLEKETLIK UNIVERSITETI

"TASTÍYÍQLAYMAN"
QMU rektorı
A.Reymov
____________________
2023-jıl "___" _________

# 60320100 – JURNALISTIKA (INTERNET JURNALISTIKASÍ) BAKALAVRIAT TÁLIM BAĠDARI BOYÍNSHA DÓRETIWSHILIK IMTIXANLAR BAĠDARLAMASÍ HÁM BAHALAW KRITERIYASÍ

Nókis – 2023

| | |
|---|---|
| **Dúziwshiler:** | D.Bekbawliev – QMU Jurnalistika kafedrası docenti, tariyx ilimleri kandidatı.<br><br>Q.Begniyazova – filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent. |
| **Pikir bildiriwshiler:** | B.Nurabullaev –Qaraqalpaqstan Xabar agentligi direktorı, filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD)<br><br>Z.Qojiqbaeva – QMU docenti, filologiya ilimleri kandidatı |

## Kirisiw

60320100 – Jurnalistika (Internet jurnalistikası) tálim baǵdarında dóretiwshilik imtixan ótkeriwden tiykarǵı maqset, abiturientte Internet baspaları hám onlayn jurnalistika tarawları talap etetuǵın dóretiwshilik qábilet, erkin pikirlew uqıbı, dálillew hám juwmaqlar shıǵarıw sıyaqlı qábiletlerdiń bar ekenligin hám onıń dúnyaǵa kóz qarası jáne pikirlew sheberligin anıqlaw bolıp tabıladı. Dóretiwshilik imtixan procesinde abiturientlerdiń tómendegi qábiletlerine itibar qaratıladı:

- Dóretiwshilik qábileti;
- Jámiyetlik mashqalalardı qay dárejede ańlay alıwı;
- Sociallıq tarmaqlar hám hár túrli onlayn betlerdegi aktual temalar hám máselelerden xabardarlıǵı;
- Dúnyaǵa kóz qarasınıń keńligi, qızıǵıwshılıq sheńberi;
- Elektron ǴXQ jumısınan xabardarlıq dárejesi;
- Kásipti tańlawdaǵı tiykarǵi sebepti ańlawı;
- Jurnalistika kásibine beyimliligi;
- Oy-órisleriniń keńligi;
- Jazba hám awızeki sawatlılıq dárejesi;
- Óz pikirin erkin, anıq, logikalı hám izbe-iz bildiriw uqıbı;
- Jazba hám awızeki kommunikaciyaǵa beyimliligi;
- Social tarmaqlarda jumis islew kónlikpesine iyelik.

## Dóretiwshilik imtixannıń dúzilisi

**Dóretiwshilik imtixan 2 basqıshta ótkeriledi.**

Birinshi basqısh abiturientlerdiń dóretiwshilik qábileti hám dúnyaǵa kóz qarasın bahalaw boyınsha awızeki sáwbet bolıp, ol tómendegi tártipte ótkeriledi:

- abiturienttiń ǵalaba xabar quralları hám Internet saytlarında járiyalanǵan, baspadan shıǵarılǵan jurnalistikalıq materialları komissiya aǵzaları tárepinen úyreniledi. Maqalalarda kórsetilgen temalardıń tariyxı yamasa aktuallıǵı boyınsha abiturient penen sáwbet ótkeriledi. Sáwbet procesinde maqala jazılıwına sebep bolǵan waqıya-hádiyse analiz etiledi hám abiturienttiń dúnyaǵa kóz qarası, qızıǵıwshılıqları, kimler menen sáwbet ótkergeni anıqlanadı;
- jámiyet jáne onıń túrli tarawlarında júz berip atırǵan ózgerislerden xabardarliq dárejesin anıqlaw boyınsha sorawlar beriledi;
- Ózbekstan hám jáhánde júz berip atırǵan sońǵı jańalıqlar, elimizde ámelge asırılıp atırǵan reformalar boyınsha sorawlar beriw arqalı abiturienttiń siyasiy, ekonomikalıq, social, mádeniy hám basqa tarawlardaǵı ózgerislerden xabardarliq dárejesi anıqlanadı;
- onlayn baspalar, social tarmaqlar hám jurnalistikalıq dóretiwshilik úlgileri, blogerlik iskerligi hám basqa onlayn dóretiwshi shaxslar jumısı, sońǵı dáwirlerde jaratılǵan ádebiyatlar boyınsha sorawlar beriw arqalı talabanniń Internet jurnalistika tarawindaǵı bilimi bahalanadı;
- sáwbet dawamında jurnalistika tarawına tiyisli sorawlar beriledi hám nátiyjede abiturienttiń bul tarawdan xabardarlıq dárejesi belgilenedi. Sonıń menen birge,

abiturienttiń kommunikativligi, keleshek jobaları, oratorlıq qábileti, pikirdi obrazlı ańlatıw sıyaqlı pazıyletleri anıqlanadı.

**Awızeki sáwbet dawamında sorawǵa usınıs etiletuǵın úlgi sorawlar:**

1. Nege jurnalist boliw niyetińiz bar? Bul tańlaw kimniń tásirinde boldı?
2. Sizdi jurnalistikada ne qızıqtiradi? Qashannan berli jurnalistika tarawına qızıǵasız?
3. Qaysı ǵalaba xabar quralın turaqlı gúzetip barasız? Siz háwes etken jurnalist kim?
4. Ǵalaba xabar quralları menen qáwenderlik etkensiz be? Qashannan baslap hám kim menen qansha waqıt dawamında dóretiwshilik baylanista boldińiz?
5. Internette qaysı jurnalistlerdiń dóretiwshilik shıǵarmaların gúzetip barasız?
6. Sizdi tásirlentirgen hám jazıwǵa májbúr etken birinshi dóretiwshilik materialıńız haqqında aytip beriń.
7. Jurnalist portretine táriyp beriń.
8. Ózbekstannıń keyingi jıllardaǵı rawajlanıwda jurnalistikaniń ornın qanday bahalaysiz?
9. Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh. M. Mirziyoev tárepinen járiyalanǵan "Jańa Ózbekstannıń rawajlanıw strategiyasi"n ámelge asırıwda jurnalistlerdiń roli nelerden ibarat dep esaplaysiz?
10. Jurnalistler shaxtyorlardan keyingi qáwipli taraw. Bul sizdi qorqıtpaydı ma?
11. Xalıq penen baylanıs ornatıwda jurnalistikanıń ornı qanday bolıwı kerek?
12. Sizińshe, jurnalist advokatqa yamasa tergewshige aylanıp qalıwı qanshelli durıs?
13. Siziń intervyu alıwdı qálegen birinshi qaharmanıńız kim? Oǵan qanday sorawlar bergen bolar edińiz?
14. Sayt degende neni túsinesiz? Qaysı saytlardı gúzetip barasız?
15. Qanday saytlardı bilesiz?
16. Gazeta hám jurnallarda jumıs alıp barıp atırǵan jurnalistlerden kimlerdi tanıysız?
17. Eger siz júdá qızıq fakt tapqan bolsańız, biraq bul fakt ar-namısqa tiyetuǵin bolsa, ne qılasız?
18. Jurnalistikada sizdi ne kóbirek qızıqtıradı: kewlińizdegi gáplerdi jazıw ma, xalıq dártin úyreniw me yamasa jaqsı aylıq alıw ma?
19. "Jurnalisttiń nanı qattı" degen sóz bar. Buǵan múnásibetińiz qanday?
20. Sizińshe, jurnalist qanday jaqsı pazıyletlerdi iyelewi kerek?
21. Usı jóneliste oqıwdan nelerdi kútesiz?
22. Texnikalıq tárepten qurallanǵan jurnalistke keminde 3 zat kerek dep atalsa, neni alǵan bolar edińiz? Ne ushın?
23. Ǵalaba xabar qurallari degende nelerdi túsinesiz?
24. Jurnalistika kásip pe, qábilet pe yamasa dóretiwshilik? Juwabıńızǵa anıqlama beriń.
25. Ózbekstan hám Qaraqalpaqstanda jurnalistlerden kimlerdi bilesiz? Olardıń dóretiwshilik materiallarında neler itibarıńızdı ózine tartadı?
26. Jurnalist materialı insannıń itibarın tartıwı ushın nelerge itibar beriw kerek?
27. Jurnalist bolsańız qaysı temalarda jazıwdı qáler edińiz? Ne ushın?
28. Siz bilgen jurnalistlerdiń dóretiwshilik materiallarında neler sizge jaqpaydı hám ne ushın?
29. Jurnalistikada úzil-kesil túrde qadaǵan etiletuǵın ámeller ne?

30. Jurnalistikanıń búgingi jámiyette tutqan ornı nede dep oylaysiz?
31. "Jurnalistti ayaqları baǵadı" sózine anıqlama beriń?
32. Ózińizdi 5 hám 10 jıldan keyin kim retinde kóresiz?
33. Qaysı onlayn ǴXQ turaqlı gúzetip barasız? Qaysı tárepleri menen sizdi ózine tartadı? Neni ózgertiwdi usınıs etken bolar edińiz?
34. Sizge qandayda bir ǴXQna redaktor retinde 6 ay dawamında islewdi usınıs etse, qaysı túrdegi hám baǵdardaǵı ǴXQ tańlaysiz?
35. Keleshekte jurnalist sıpatında jumıs alıp barasız. Bir múddet ótip, sizge aylıq is haqı bere almaytuǵın jaǵdayǵa túsip qalsa, siz islewdi dawam etesiz be?
36. Sociallıq tarmaqlarǵa múnásibetińiz qanday? Olardan paydalanıwǵa bir kúnde qansha waqıt sarıplaysız hám qanday maqsetlerde?
37. Jurnalistikadan basqa taǵı qaysı taraw siz ushın qızıq?
38. "Kim?", "ne?", "qayda?", "qashan?", "ne ushın?" hám "qanday etip?" sorawlarına juwaplardı birlestirgen jańalıq oylap tabıń.
39. Post ne? Oǵan qoyılatuǵın talaplar qanday?
40. SMM jurnalistika haqqında nelerdi bilesiz?
41. Target jurnalistika túsinigine anıqlama beriń.
42. Sizińshe, Internet jurnalistika hám onlayn jurnalistika túsinigi birdey mániske iye me?

**Ekinshi basqısh** dóretiwshilik material tómendegi tártipte ámelge asırıladı:
- dóretiwshilik shıǵarma temaları házirgi kún ushin áhmiyetli sociallıq-siyasiy, kórkem ádebiyatqa baylanıslı -tariyxıy, materiallıq -ruwxıy, etikalıq, patriotlıq hám basqa aktual máselelerine baǵishlanǵanı hám jurnalistikalıq ózine tánligine baǵdarlanǵan hám abiturienttiń dóretiwshilik múmkinshiliklerin ashıp beriwge qaratılǵan bolıwı názerde tutıladı hám pán boyınsha imtixan komissiyası aǵzaları tárepinen dúziledi. Temalar joqarı oqiw orni qabıllaw komissiyasınıń baslıǵı tárepinen tastıyıqlanadı hám mórlengen arnawlı konvertte qatań esabat hújjetleri retinde saqlanadı;
- qabıllaw komissiyasınıń baslıǵı yamasa onıń tapsırması menen baslıq orınbasarı dóretiwshilik shiǵarma baslanıwınan 20 minut aldın pán boyınsha imtixan komissiyasınıń baslıǵına dóretiwshilik shiǵarma temaları salınǵan konvertlerdi tapsıradı hám pán boyınsha komissiya aǵzaların imtixan tapsırıwshı gruppalarǵa bóledi;
- dóretiwshilik shıǵarma ótkeriliwi ushın 3 astronomıyaliq saat belgilenedi;
- dóretiwshilik shiǵarma betleri mórlengen 12 betli dápterge jazıladı, qaralama ushın da betleri mórlengen qaǵazlar beriledi. Dóretiwshilik shiǵarma jazılǵan dápter hám qaǵazlarda jazba jumıs avtorın bildiriwshi, shártli belgilerdiń qoyılıwına jol qoyılmaydı;
- dóretiwshilik shiǵarmaniń kólemi 5 betten 10 betke shekem etip belgilenedi;
- dóretiwshilik shiǵarma ushın belgilengen waqıt tawsılǵannan keyin, jazba jumıslar qaralamalari menen birge jıynap alınadı hám juwapli xatkerge yamasa onıń orınbasarına tapsırıladı;
- juwaplı xatker yamasa onıń orınbasarı jazba jumislardi shifrlap, pán boyınsha imtixan komissiyasınıń baslıǵına tekseriw ushın tapsıradı;
- jazba jumıslar tek joqarı oqiw orinlari bınasında hám pán boyınsha imtixan komissiyası aǵzaları tárepinen tekseriledi;
- tekserilgen dóretiwshilik shıǵarmalar qoyılǵan balları hám tekseriwshilerdiń qolları menen qabıllaw komissiyasınıń juwaplı xatkeri yamasa onıń orınbasarına tapsırıladı;
- juwaplı xatker yamasa onıń orınbasarı dóretpelerdi deshifrovka etip, imtixan qaytnamasina abiturientlerdiń famılyaları hám alǵan balların kirgizedi;
- dóretiwshilik shiǵarma tómendegi jónelislerden kelip shıǵıp temalar belgilenedi:

sociallıq-siyasiy, ruwxıy -bilimlendiriw, patriotlıq, milliy maqtanısh hám salamat turmıs tárizi.
- dóretiwshilik imtixan nátiyjeleri eki kúnden soń járiyalanadi.

**Dóretiwshilik imtixandı bahalaw talapları**

Dóretiwshilik imtixan birden-bir kóp ballı bahalaw sisteması boyınsha bahalanadı.

Dóretiwshilik imtixanda toplaw múmkin bolǵan maksimal ball muǵdarı
**- 93 ball**.

Dóretiwshilik imtixannıń birinshi basqıshı, yaǵnıy awızeki sáwbet procesindegi soraw-juwaptı bahalaw ushın dóretiwshilik imtixanǵa ajıratılǵan maksimal balldıń **33,3 payızı, yaǵnıy 31 ball** etip belgilenedi.

Dóretiwshilik imtixannıń ekinshi basqıshı, yaǵnıy dóretiwshilik shiǵarmani bahalaw ushın imtixanǵa ajıratılǵan maksimal balldan **66,6 payızı, yaǵnıy 62 ball** etip belgilenedi.

**Awızeki sáwbetti bahalaw ólshemleri**

**Awızeki sáwbetke 0 - 31 ballǵa shekem qoyıw múmkin.**

| № | Ballardi qoyiw miyzanlari: | ballar |
|---|---|---|
| 1. | Jurnalistika haqqındaǵı oyların sáwlelendiriwi júzeki, tolıq bilimi joq, abiturienttiń pikirlewi sayız, ǴXQda járiyalanǵan materialları joq, biraq jurnalist bolıwdı qáleydi | 0 – 6 ball |
| 2. | Jurnalistika haqqında biraz túsinigi bar, kásiplik qızıǵıwshılıǵi bir-eki aylıq emes, ayırım jurnalistlerdi tanıydı, onlayn ǴXQda járiyalanǵan 1-3 kólemli materialı bar | 7 – 13 ball |
| 3. | Jurnalistikaǵa 1-2 jıldan beri qızıǵadı, kásip haqqında oyin sáwlelendiriwi jaqsı, ǴXQ jumısın turaqlı túrde gúzetip baradı, 5-7 járiyalaǵan materialları bar, 8-10 jurnalistti tanıydı, olardıń dóretiwshiligin túsindirip bere aladı | 14 – 19 ball |
| 4. | Jurnalistikaǵa kóp jıldan beri qızıǵadı, jurnalistikaniń jámiyettegi ornın tereń túsinedi, ǴXQ, soniń menen birge onlayn jurnalistika jumısın jaqsı biledi, kóp jurnalistlerdi tanıydi hám olardıń dóretiwshiligine hár tárepleme baha bere aladı, 10-20 járiyalaǵan materialı bar | 20 – 25 ball |
| 5. | Jurnalistikaǵa balalıǵınan qızıǵadı hám 5-6 klasstan baslap ǴXQ menen qáwenderlik etedi, redakciyaǵa kóp barǵan hám redaksiya jumısı menen tanısiw, jurnalistikaniń jámiyettegi ornı hám roline tereń xarakteristika bere aladı, Internet jumısı haqqında hár tárepleme túsinigi bar, jurnalistlerdi taniydi hám de olardıń dóretiwshiligine xarakteristika bere aladı, járiyalaǵan materialları 20 dan kóp | 26 – 31 ball |

**Dóretiwshilik shiǵarmanı bahalaw ólshemleri: (ballar muǵdarı - 0 - 62 ball)**

| № | Ballardı qoyıw ólshemleri: | ballar |
|---|---|---|
| 1. | 10 nan ziyat orfografiyalıq, irkilis belgileri menen baylanıslı hám stilistikalıq qátelerge jol qoyılǵan | 0 ball |
| 2. | Jumıs tema boyınsha jazılmaǵan | 0 ball |
| 3. | Tema sayız ashılǵan, abiturienttiń pikirlewi ústirtin, | 1–8 ball |

| | | |
|---|---|---|
| | jurnalistikanı túsiniwi tereń emes, shıǵarma jumıs logikalıq jaqtan bos, orfografiyalıq, irkilis belgileri menen baylanıslı hám stilistikalıq qátelerdiń ulıwma sanı 10 ǵa shekem | |
| 4. | Tema biraz ashılǵan, abiturienttiń pikirlewi ortadan tómenlew, jurnalistikanı jaqsı túsinbeydi, orfografiyalıq, irkilis belgileri menen baylanıslı hám stilistikalıq qátelerdiń ulıwma sanı 8-9 | 9–16 ball |
| 5. | Tema ortasha ashılǵan, abiturienttiń dúnyaǵa kóz qarası tar, pikirlewi biraz sayız, jurnalistikanıń rolin ortasha túsinedi, orfografiyalıq, irkilis belgileri menen baylanıslı hám stilistikalıq qátelerdiń ulıwma sanı 6 -7 | 17–25 ball |
| 6. | Tema ortadan joqarılaw ashılǵan, abiturienttiń dúnyaǵa kóz qarası tar, biraq jurnalistikaniń jámiyettegi ornın túsinedi, orfografiyalıq, irkilis belgileri menen baylanıslı hám stilistikalıq qátelerdiń ulıwma sanı 4-5 | 26–33 ball |
| 7. | Tema salıstırmali jaqsı ashılǵan, abiturienttiń dúnyaǵa kóz qarası jaman emes, jurnalistikaniń roline jaqsı baha bere aladı, orfografiyalıq, irkilis belgileri menen baylanıslı hám stilistikalıq qátelerdiń ulıwma sanı 2-3 | 34–42 ball |
| 8. | Tema jaqsı ashılǵan, abiturienttiń dúnyaǵa kóz qarası keń, jurnalistikanıń rolin jaqsı túsinedi hám oǵan baha bere aladı, orfografiyalıq, irkilis belgileri menen baylanıslı hám stilistikalıq qátesi | 43–52 ball |
| 9. | Tema tereń ashıp berilgen, abiturienttiń dúnyaǵa kóz qarası tereń hám hár tárepleme, jurnalistikaǵa jaqsı baha bere aladı, orfografiyalıq, irkilis belgileri menen baylanıslı hám stilistikalıq qáteler joq | 53–62 ball |

Dòretiwshilik imtixan basqıshlarında toplanǵan ballar ulıwmalastırılıp, qoyılǵan ball sıpatında vedomstqa kirgiziledi. Vedomst belgilengen tártipte rásmiylestirilip, juwaplı xatker yamasa onıń járdemshisine kòrsetiledi.

## Dòretiwshilik imtixan nátiyjelerin apellyaciya etiw tártibi

Dòretiwshilik imtixan basqıshları boyınsha appelyaciyaǵa arzalar tek ǵana imtixan basqıshları nátiyjeleri járiyalanǵan waqıttan baslap **24 saat dawamında** qabıl etiledi.

Mùrájat mazmunında tek ǵana òziniń dòretiwshilik jumısı hám balları boyınsha tùsinbewshilik bolsa, qabıl etiledi. Lekin, basqa abiturientlerdiń jumısları haqqında jazılǵan shaǵım arzalar qabıl etilmeydi.

Dòretiwshilik jazba jumıslar jazılǵan dápter rásmiy hùjjet sıpatında belgilengen mùddetke shekem saqlanadı, onnan jeke maqsette nusqa alıw, onı sùwretke tùsiriw hám imtixan òtkerilip atırǵan aymaqtan alıp ketiwi mùmkin emes.

Apellyaciya etiw processinde abiturientke qosımsha soraw beriwge ruxsat berilmeydi.

Dòretiwshilik imtixanda alǵan bahanı òzgertiw tek ǵana pán boyınsha komissiyanıń razılıǵı menen tek ǵana apellyaciya etiwshi abiturient qatnasıwında joqarı oqıw ornı qabıllaw komissiyasınıń qararı menen ámelge asırıladı.

Dòretiwshilik imtixannıń awızeki sáwbet nátiyjeleri apellyaciyada qayta kòrip shıǵılmaydı.

Dòretiwshilik imtixan òtkiziliwine shekemgi dáwirde apellyaciyaǵa arza beriw hám onı kòrip shıǵıw tártipleri abiturientlerdiń itibarına jetkiziledi.

## Usınıs etilgen ádebiyatlar


1. 2017 – 2021 yillarda O‘zbekiston Respublikasini rivojlantirishning beshta ustuvor yónalishi bóyicha Harakatlar Strategiyasi. // www.lex.uz 07.02.2017.
2. 2022 – 2026 yillarga móljallangan yangi O‘zbekistonning taraqqiyot strategiyasi tóǵrisida https://lex.uz/docs/5841063, 2022 yil 28 yanvar.
3. Mirziyoev Sh.M. Qonun ustuvorligi va inson manfaatlarini táminlash yurt taraqqiyoti va xalq farovonligining garovi. – T., “O‘zbekiston”, 2017.
4. Mirziyoev Sh.M. Buyuk kelajagimizni mard va olijanob xalqimiz bilan birga quramiz. – T., “O‘zbekiston”. 2017.
5. Mirziyoev Sh.M. Matbuot va ommaviy axborot vositalari xodimlariga. 2021 yil 26 iyun. https://president.uz/uz/lists/view/4454.
6. Qudratxo‘jaev Sh.T. Internet va axborot: xizmatlar foydalanish asoslari. Toshkent-Istiqlol. 2013.
7. Dóstmuhammad X. Jurnalist bólmoqchimisiz? – Tashkent: Yangi asr avlodi, 2001.ev F. Jurnalistning noni qattiq. – Toshkent, 2009.
8. Rashidova D.Q., Muratova N.F. Internet jurnalistika. T. 2007.
9. Kosimova N. Onlayn jurnalistika. Darslik. -T., Savdo sanoat palatasi nashriyoti. 2019.
10. Nurutdinova M. Internet OAVda multimediaviylik. T., 2022. B.205.
11. Атажанов Ҳ.А., Марзияев Ж.К., Қиличов Н.Р. Баспасөз типологиясы. O‘quv-uslubiy qo‘llanma. – Toshkent. Navoiy universiteti. 2018. 80 bet.
12. Muratova N. Onlayn jurnalistika: nazariya va amaliyot // - T. Qaqnus media. 2019.